**दिन–मंगलवार** **दिनांक–17.03.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्र सरकार जनौलक अछि जे पश्चिम एशिया म तनावक बादो देश मे रसोई गैस आओर आनो–आन पेट्रोलियम उत्पादकक आपूर्ति निक सँ भऽ रहल अछि। पेट्रोलियम आओर प्राकृतिक गैस मंत्रालयक संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा नव दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत जनौलनि जे कतौ रसोई गैस वितरक लऽग गैस सिलेंडरक कोनो कमि नहि अछि। ओ जनौलनि जे घरेलू उपभोक्ता सभ के रसोई गैस पहिने जेहेन देल जा रहल अछि। श्रीमती शर्मा जनौलनि जे बिहार सहित कतेको राज्य सरकार कामर्सियल गैस सिलेंडर पहिने जेहेन देनाइ शुरू कऽ देलक अछि।

---

केन्द्र सरकार जनौलक अछि जे एलपीजी लेल बायोमेट्रिक आधार प्रमाणीकारण– ई केवाईसी ओ सभ ग्राहक लेल जरूरी अछि जे सभ अखन धरि प्रमाणीकरण नहि करौलनि अछि। पेट्रोलियम आओर प्राकृतिक गैस मंत्रालय सोशल मीडिया पोस्ट मे जनौलनि जे ई कोनो नव जनतब नहि अछि। एहि सँ सरकार बेसी सँ बेसी एलपीजी उपभोक्ता सभ के बायोमेट्रिक आधार प्रमाणीकरण पूरा करबाक लेल प्रोत्साहित कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे उज्ज्वला योजना मे जे ग्राहक सभ पहिने ई.के.वाई.सी करा लेने छथि ओ सभ दोबारा नहि कराबैथि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समृद्धि यात्राक चारिम चरण मे आइ भागलपुर आओर बांका जिलाक दौरा कयलनि। श्री कुमार भागलपुर मे भेल कार्यक्रम मे चारि सय बियालीस करोड़ टाकाक लागतिवला एक सय चौवालीस परियोजनाक उद्‌घाटन आओर शिलान्यास कयलनि। ओतहि बांका मे मुख्यमंत्री सात सय नओ करोड़ टाकाक लागतिवला चारि सय संतानवे परियोनाक शिलान्यास आओर उद्‌घाटन कयलनि। भागलपुर मे जनसंवाद के संबोधित करैत मुख्यमंत्री जनौलनि जे राज्यक बंद चीनी मिल दुबारा चालू करबाक काज शुरू कऽ देल गेल अछि। ओ जनौलनि जे केन्द्र सँ पूरा मददि भेटि रहल अछि आओर शीघ्रहि बिहार विकसित राज्यक श्रेणी आबि जायत।

---

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी जनौलनि जे अगिला वित्तीय वर्ष मे विक्रमशीला विश्वविद्यालयक जीर्णोद्धारक काज शुरू कयल जायत। ओ भागलपुर मे समृद्धि यात्राक बीच जनौलनि जे नालंदा विश्वविद्यालय जेहेन विक्रमशीला विश्वविद्यालयक गौरव फेर सँ स्थापित कयल जायत।

---

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष आओर केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान राज्यसभा चुनाव मे एनडीएक जीत लेल गठनबंधनक एकजुटताक प्रसंशा कयलनि अछि। ओ नव दिल्ली मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत जनौलनि जे एक दिस एनडीए एकजुट अछि, दोसर दिस विपक्षी टूटि रहल अछि। ओ जनौलनि जे राजद टूटि सकैत अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्यसभा लेल निर्वाचित भेलाह अछि। जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष आओर राज्यसभा सांसद संजय झा निर्वाचन अधिकारी सँ भेटल प्रमाण–पत्र आइ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के सौंपलनि। श्री झा सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे ई जनतब दैत जनौलनि अछि जे बिहारक विकास के समर्पित शीर्ष नेतृत्व के प्रमाण पत्र सौंपबाक हुनका मौका भेटल अछि।

---

साहित्य आकादमी चौबीस भारतीय भाषा मे वार्षिक साहित्य आकादमी पुरस्कार दू हजार पचीस देत। सुपौल जिलाक भेलाही गामक जानल–मानल मैथिली साहित्यकार आओर कवि डॉक्टर महेन्द्र झा के दू हजार पचीसक साहित्य आकादमी पुरस्कार सँ सम्मानित कयल जायत। डॉक्टर महेन्द्र के दू हजार एक्कैस मे छपल हुनक संस्मरण **धात्री पात सन गाम** लेल एकतीस मार्च कऽ नव दिल्ली मे होयवला कार्यक्रम मे ई सम्मान देल जायत। एहि पोथी मे कोसी बान्ह, कोसीक विरल इतिहासक संग–संग मिथिलाक परंपरा, छूटल लोक पर्वक सेहो बढ़ियां सँ चित्रण कयल गेल अछि।

---

आर्थिक इकाईक टीम आय सँ बेसी संपत्ति मामिला मे मधुबनी जिलाक जयनगर मे पदस्थापित बिजली विभागक कार्यपालक अभियंता मनोज कुमार रजकक कतेको ठेकान पर छापा मारलक अछि। हमर संवाददाता जनौलनि जे दरभंगा, मधुबनी आओर सुपौल जिला मे

सात ठेकान पर छापा मारल गेल। आरोपी कार्यपालक अभियंता मनोज कुमार रजक पर जांच मे आय सँ बासठि प्रतिशत बेसी संपत्ति होयबाक जनतब भेटल अछि।

——————————————————————————————

मधुबनी जिलाक जिलाधिकारी आनंद शर्मा जनौलनि जे जिला मे गैस सिलेंडरक कोनो कमि नहि अछि। शीघ्रहि, होम डिलीवरी जिलाक एक सय दू गैस एजेंसी कऽ देत। ओ जनौलनि जे जिला मे कालाबजारी करयवलाक खिलाफ अड़तीस धावा दल काज कऽ रहल अछि। एहि बीच जिलाक तीन लोक पर प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि।

दोसर दिस जिला मे पुलिस दू लोक के छओ लाख चौवालीस हजार जाली टाकाक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

——————————————————————————————

समाप्त